

ABSTRAK

MODÉL PANGAJARAN STUDENT TEAM ACHIEVEMENT DIVISION KEUR NINGKATKEUN MOTIVASI JEUNG HASIL DIAJAR SISWA KELAS II SD DINA NULIS KAGIATAN SAPOPOÉ TINA SUBTÉMA HIRUP RUKUN DI IMAH

**(Panalungtikan tindakan kelas ka murid kelas II semestér I SDN Sukajaya
Kecamatan Lémbang Kabupaten Bandung Barat Taun Ajaran 2016/2017)**

Panalungtikan ieu ngaguar pasoalan dina ngagunakeun modél pangajaran kooperatif tipe *student team achievement division* kanggo ningkatkeun motivasi sareng hasil diajar siswa kelas II SD ngeunaan nulis kagiatan sapopoé dina subtéma “Hirup Rukun di Imah” di SDN Sukajaya. Tujuan panalungtikan nyaéta pikeun nganyahokeun tingkat kahasilan siswa dina diajar anu ngagunakeun modél pangajaran *student team achievement division*; keur ningkatkeun motivasi siswa; pikeun ngaronjatkeun hasil diajar anu optimal.

Panalungtikan ieu ditilik ka tukang ku métode nepikeun bahan anu musat ka guru saheula anan siswa condong ka nu pasif, usaha anu dilakukeun nyaéta ngalaksanakeun pangajaran ngagunakeun modél pangajaran STAD keur ningkatkeun motivasi jeung hasil diajar siswa. Hasil tina ngagunakeun modél pangajaran STAD kasebut diharepkeun mampuh ningkatkeun motivasi jeung hasil diajar siswa sangkan mampuh ningkatkeun pérstasi diajarna.

Cara panalungtikan anu digunakeun nyaéta métode Penelitian Tindakan Kelas. PTK ieu aya dua rupa, mangsa tindakan anu dilaksanakeun mimiti ti rancangan, prakna, panarawangan, keterangan tindakan jeung pangalaman ka katukang. Subyék panalungtikan nyaéta siswa kelas II SDN Sukajaya. Conto anu dipaké dina panalungtikan ieu nyaéta padoman obsérvasi, hasil té, jeung dokuméntasi.

Hasil panalungtikan ieu nunjukkeun nyata motivasi jeung hasil diajar siswa ngalaman paningkatan. Hal ieu katingali dina perbandingan jawaban anu dibébérkeun siswa dina siklus I nyaéta 74,80% jeung dina siklus II ningkat jadi 89,02%.hal ieu hartina aya paningkatan saloba 14,22%. Dina hasil diajar siswa ogé ngalaman paningkatan. Hal ieu bisa katingali tina hasil diajar siswa tina saacana siklus jeung nilai rata-rata ngahontal 65,19 ka siklus I ningkat sagedé 0,54 jadi 65,73 jeung ditruskeun kana siklus II nepi ka ningkat 15,61 jadi 81,34.

Kasimpulan panalungtikan nunjukkeun yén ngagunakeun modél pangajaran STAD ngabogaan kontribusi positif kana ningkatkeun motivasi jeung hasil diajar siswa mangsa ngajar nulis pikeun kagiatan sapopoé dina subtéma “Hirup Rukun di Imah” di kelas II SDN Sukajaya.

Kata konci: Modél pangajaran, *student team achievement division*, motivasi diajar, hasil diajar.